



Pou Piblikasyon Imedya: 24/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GAYAN KONKOU DESEN OTOKOLAN
#VAXFORKIDS POU TIMOUN 5-11 ANE**

Inisyativ la te lanse sou rezo sosyal pou ankouraje enpòtans pou jèn Nouyòkè yo pran vaksen

Paran ak responsab yo te soumèt desen yo nan non pitit yo.

*Panèl jij la gen ladan gayan pwogram bous detid SUNY/CUNY "Vaksinen, Edike, Gradye"; 9 gayan an total
Gade desen ki genyen yo isit la*

Gouvènè Hochul te anonse jodi a gayan konkou desen otokolan #VaxForKids Eta New York la pou timoun ki gen 5-11 ane. Konkou a te lanse pou ankouraje vaksinasyon COVID-19 pamì jèn Nouyòkè yo. Paran ak responsab yo te soumèt desen yo sou rezo sosyal yo nan non pitit yo.

"Felisitasyon pou gayan konkou #VaxForKids enkwayab nou yo, kote desen otokolan yo pral enspire ankò plis Nouyòkè pou rejwenn yo nan pran vaksen kont COVID-19", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen remèsye nou menm ak fanmi ou dèske nou vaksinen, kenbe kominate nou yo an sekirite ak an sante, epi selebre ak fyète enpòtans vaksinasyon atravè desen inik nou yo. Plis pase 1.68 milyon timoun nan 5-17 ane te vaksinen deja, epi mwen rekòmande tout paran ak responsab yo pou asire timoun yo pran vaksen epi respekte tout dòz ki rekòmande yo. Vaksen ki sove lavi a kontinye se pi bon pwoteksyon an kont virus la ak maladi grav".

Panèl jij la te gen ladan gayan bous detid SUNY/CUNY "Vaksinen, Edike, Gradye" epi yo te seleksyone nèf gayan nan tout eta a. Desen otokolan ki genyen yo disponib piblikman sou paj resous #VaxForKids Eta a epi nenpòt òganizasyon k ap òganize aktivite vaksen kapab telechaje ak distribiye otokolan yo sou sit yo.

Gayan konkou desen otokolan #VaxForKids Eta New York la se:

- Tessa C., 9, Rejyon Kapital
- Sophia J., 13, New York Santral
- Eliza G., 7, Finger Lakes

- Rowan C., 10, Long Island
- Beckett C., 6, Mid-Hudson
- Sasha L., 9, Vil New York
- Milena P., 9, Vil New York
- Susanne G., 11, Southern Tier
- Hannah F., Lwès New York

Komisè Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Pataje pwòp istwa vaksen nou kapab ede yon lòt moun pran desizyon avèk konfyans pou pran vaksen an. Mwen aplodi paran, responsab ak timoun yo ki te patisipe nan konkou desen otokolan #VaxForKids nou an, epi mwen felisite tout gayan nou yo pou travay yo. Akòz 1.68 milyon timoun ki te mobilize pou yo pran vaksen, lekòl, kay ak kominate nou yo pi byen pwoteje kont viris la ak pi move konsekans li. Mwen ankouraje tout paran ak responsab yo pou asire timoun yo vaksinen totalman kont COVID-19 osito posib",

Eta a te lanse dènyeman yon seri inisyativ pou ogmante pousantaj vaksinasyon ak dòz rapèl pami timoun ak adolesan ki kalifye yo. Jiskaprezan, gen plis pase 261 sit tanporè ki te etabli atravè pwogram #VaxForKids Eta a, apre plis pase 235 sit te etabli atravè kanpay #VaxToSchool la. Sou baz done CDC yo, Eta New York aktyèlman klase kòm premye pou jèn 12-17 ane ki vaksinen totalman epi kòm dezyèm pou timoun 5-11 ane ki vaksinen totalman pami gwo eta yo. Nan 23 mas, 41.9% timoun 5-11 ane ak 82.3% adolesan 12-17 ane te resevwa omwen yon dòz epi 35.4% timoun 5-11 ak 72.4% adolesan 12-17 te fini seri vaksen inisyal yo. Nou ankouraje paran ak responsab yo pou vizite [ny.gov/VaxForKids](https://www.ny.gov/VaxForKids) pou plis enfòmasyon ak resous fyab sou vaksen COVID-19 la ak timoun yo.

Timoun ki genyen senk ane ak pi gran yo kalifye pou vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech. Nan [7 janvye 2022](#), adolesan 12 ane ak pi gran yo kalifye pou yon dòz siplemantè vaksen Pfizer-BioNTech omwen senk mwa apre yo fini seri vaksen inisyal yo. Anplis de sa, timoun 5-11 ane ki gen kèk kondisyon iminodeprime kalifye kounye a pou yon dòz siplemantè vaksen Pfizer-BioNTech omwen 28 jou apre yo fini seri vaksen inisyal yo.

Vaksen COVID-19 la gratis epi disponib byen fasil nan tout Eta a, sa gen ladan plis pase 2,000 lokal k ap administre vaksen pou timoun. Tout [sit vaksinasyon an mas eta yo](#) ap administre vaksen an pou timoun ki gen senk ane ak pi gran, dòz siplemantè pou Nouyòkè ki gen 12 ane ak pi gran yo, ak dòz siplemantè pou timoun ki iminodeprime ki gen senk ane ak pi gran. Anplis sit vaksinasyon tanporè ak an mas Eta a, Nouyòkè yo kapab vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), voye kòd postal yo atravè mesaj tèks bay 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki toupre yo. Paran ak responsab yo kapab kontakte pedyat pitit yo a, doktè fammi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen an pou gwoup laj sa a. Asire founisè a ofri vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la.

Nou ankouraje paran ak responsab yo pou asire ke timoun yo ajou pou tout vaksinasyon ki rekòmande epi obligatwa yo, sa gen ladan kont vaksen grip la. Ale sou [sitwèb Depatman Sante](#) pou plis enfòmasyon sou vaksinasyon ki rekòmande pou timoun ak adolesan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)